# Августовскэ совещанэм щащ1а доклад

## Темэ:

Адыгэбзэ, адыгэ литературэ дерсхэм проект лэжьыгъэхэр къыщыгъэсэбэпыныр сабийхэм я бзэр зезыгъэужь, я тхэк1эр езыгъэф1ак1уэ 1эмалыф1у зэрыщытыр.

Зыгъэхьэзырар: Тэнащ  М. Х.
МКОУ СОШ Псыкуэд къуажэ

2025гъэ

Егъэджэныгъэ 1уэхум дызэрыт лъэхъэнэм проектхэр нэхъ лъэ быдэк1э щыуву щытщ. Ар къызыхэк1ыр нобэ егъэджэныгъэм игъуэт зэхъуэк1ыныгъэхэрщ, щ1агъыу къыхыхьэхэрщ, стандартыщ1эхэм къалэн пыухык1а къагъэувхэрщ.

Проектыр-ар, япэ дыдэу, сабийм, сабийхэм я щхьэзакъуэ лэжьыгъэщ, къалэн пыухык1а гъэзэщ1эным теухуащ, 1эмал гуэрхэр езыр-езыру къагъуэтыфу езыгъасэщ, лэжьыгъэм ирахьэл1апхъэхэр зэхуахьэсыфу, къагъэсэбэпыфу зыгъасэ 1эмалыф1хэм ящыщщ.

Проектхэм теухуауэ иджыпсту куэд къапсэлъ, абы теухуауэ куэд интернетми дыщрохьэл1э. Нобэрей си къэпсэлъэныгъэм сэ сыщытепсэлъыхьынущ ди еджап1эм а 1уэхугъуэр къызэрыщыдгъэсэбэпым.

Проект лэжьыгъэм сабийхэр хэтшэныр, дедгъэхьэхыныр пэщ1эдзэ классхэм щыщ1ыдодзэ. Ар япэ дыдэу сабийхэм дадэуэршэрурэ лэжьыгъэм бгъэдыдошэ. Псалъэм папщ1э: «Сыт унэщ1э ищ1ыну ц1ыхум игу ирилъхьамэ, къыщыщ1идзэн хуейр? Фэ дауэ фегупсысрэ?», «Уи унагъуэм теухуауэ зыщ1ып1э укъыщыпсэлъэн хуей хъуамэ, сытым утепсэлъыхьынт?», нэгъуэщ1хэри.

Мыхьэнэшхуэ и1эщ сабийхэм езыхэр зыхуей темэхэр, нэхъ яф1эгъэщ1эгъуэн 1уэхугъуэхэм теухуа лэжьыгъэхэр егъэщ1ыным, гукъыдэж я1эу лэжьыгъэм елэжьыным. Шэч хэмылъу, япэ лъэхъэнэм дэ сабийхэм дадо1эпыкъу унэт1ыныгъэ къыхэхынымк1э. Ауэрэ, хуэм-хуэмурэ нэхъыщхьэ классхэм я закъуэу лэжьыгъэр ящ1ыфу йосэ, ар утыку къралъхьэ, я гупсысэхэр яхъумэфу йосэхэр, зэпоуэхэр, зоныкъуэкъухэр хэт и лэжьыгъэр нэхъ къехъул1ами, къемыхъул1ами, къаймыхъул1ахэр зэрагъэзэк1уэхын 1эмалхэр къалъыхъуэ. Еджап1эм щылажьэ дэтхэнэ методзэгухьэныгъэхэр псори а 1уэхугъуэм йолэжь, предметхэм я тхьэмахуэхэм деж проект лэжьыгъэхэр жюрим, еджап1эм и унафэщ1хэри зыхэтым, и пащхьэ къралъхьэ. Апхуэдэ зэпеуэхэм щытек1уа еджак1уэхэм, е гупхэм грамотэхэр, дипломхэр, тхьэмахуэм кърик1уахэр къыщытпщытэк1э ядот. Гъэ еджэгъуэм и к1эм, накъыгъэ мазэм ирихьэл1эу, тхьэмахуэхэм

щытек1уахэм я конференцие идогъэк1уэк1. Абдежым щытек1уэхэр адэ-анэхэм я зэхуэсхэм ирихьэл1эу догъэгушхуэхэр, саугъэтхэр ядот. Апхуэдэ бгъэдыхьэк1эм къешэ сабийри адэ-анэри зэрыгушхуэр, иджыри апхуэдэ лэжьыгъэхэм хэтыну гукъыдэж я1эу къызэрынэр.

Мыпхуэдэ лэжьыгъэф1хэр илъэс зыбжанэ хъуауэ ди еджап1эм щок1уэк1. Хуабжьу сэбэпыныгъэшхуэ и1эщ ди еджап1эм щылажьэ историко – краеведческэ музей «Наследие»-м. Музейм и лэжьыгъэр унэт1ыныгъипл1к1э къызэгъэпэщащ:

1. Къуажэм и тхыдэр
2. Еджап1эм и тхыдэр
3. Хэку зауэшхуэм и напэк1уэц1хэр
4. Пасэрей псэук1эм и щэнхабзэр.

Гъэ еджэгъуэм къриубыдэу музейр зэрылажьэ планым ипкъ итк1э класс къэс экскурс пл1энейрэ дошэ. Абы щ1элъхэм щыгъуазэ дощ1. Езыхэр нэхъ дэзыхьэх унэт1ыныгъэмк1э сабийхэм проект лэжьыгъэхэр ящ1.

Сабийхэр йосэ къалэн пыухык1ахэр зыхуагъэувыфу, а къалэнхэр къехъул1эн щхьэк1э езыр-езыру 1эмалхэр къалъыхъуэу, и закъуэуи, гуп хэтуи лажьэу, я лэжьыгъэр къызэщ1акъуэжыфу, а лэжьыгъэ игъэзэщ1ам къритар къагуры1уэу, къехъул1амрэ къемыхъул1амрэ зэхигъэк1ыфу, иужьк1э къемыхъул1ахэри къызэрехъул1эн 1эмалхэр къилъыхъуэфу.

Сэ сызэрегупсысымк1э, дэ ди лэжьыгъэм уи предметымк1э щ1эныгъэ гуэр сабийм бгъэдэплъхьэным имызакъуэу, лэжьэфу егъэсэным мыхьэнэшхуэ и1эщ, езым и щ1эныгъэм зэрыхигъэхъуэн 1эмалхэр къилъыхъуэу щытын хуейщ, игъуэта щ1эныгъэр, есэныгъэхэр гъащ1эм къыщигъэсэбэпыфын хуейщ, 1уэхугъуэ гъэщ1эгъуэнхэм елэжьыну гукъыдэж и1апхъэщ. А ф1агъ псори проект лэжьыгъэхэм къешэ. «Проект» псалъэм латиныбзэк1э «ипэк1а ядза» жи1эу щ1ыжи1эми мыхьэнэшхуэ и1эщ.

Ди сабийхэми проект лэжьыгъэр гук1э къащтауэ жыт1эмэ, щыуагъэ хъуну къыщ1эк1ынкъым. Ди еджак1уэ Гъажэ Даринэ езым и

гукъыдэжк1э игъэхьэзыращ «Си лъэпкъым къыдэгъуэгурык1уэ 1эщ1агъэхэр. А 1эщ1агъэм зэпкърыхауэ тепсэлъыхьын» номинацэмк1э проект лэжьыгъэ гъэщ1эгъуэн. А лэжьыгъэмк1э республиканскэ зэхьэзэхуэм ещанэ увып1эр, Урысейпсо зэхьэзэхуэм ет1уанэ увып1эр щиубыдащ. Даринэ лэжьыгъэм гурэ псэк1э бгъэдыхьащ, лэжьыгъэшхуэ ищ1ащ, сызэрыдэ1эпыкъуа щ1агъуи щымы1эу щхьэзакъуэу лэжьащ.

Сабийр гуф1ауэ, гушхуауэ, щытхъу грамотэхэр езым и ц1эк1э, и адэ-анэхэм я ц1эк1э, и дэ1эпыкъуэгъуу щытам и ц1эк1э и1ыгъыу Мэзкуу къалэ къик1ыжащ. Абы и лэжьыгъэр теухуауэ щытащ адыгэ арджэнхэм. Апхуэдизк1э ар а лэжьыгъэм дихьэхати, кружок къызэ1уихыну ехъуапсэ хъуат.

Гъэ еджэгъуэ блэк1ам Даринэ ди куейм щек1уэк1а зэхьэзэхуэми ет1уанэ увып1эр щиубыдащ. И лэжьыгъэр теухуауэ щытащ К1ыщокъуэ Алим и гъащ1эмрэ и лэжьыгъэмрэ, мы гъэм тхак1уэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ ек1уэк1ам.

Ди еджак1уэхэм сыт хуэдэ ехъул1эныгъэ проект лэжьыгъэхэмк1э я1ами, гулъытэншэу къэдгъэнакъым. Абыхэм ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэри, я саугъэтхэри ди музейм дыхуэсакъыу щыдохъумэ, адрей еджак1уэхэми ар щапхъэф1 яхуохъу. Ди музейм щ1элъщ мыпхуэдэ проект лэжьыгъэ гъэщ1эгъуэнхэр:

1. « Си лэпкъым и тхыдэм щыщхэр»
2. « Сэ сыкъызыхэк1а лъэпкъыр»
3. « Си адэшхуэр Хэку зауэшхуэм хэтащ»
4. « Динымрэ тэмакък1ыхьыгъэмрэ»
5. « Ди еджап1эм и тхыдэм щыщхэр»
6. « Къаныгъэм теухуауэ»
7. « Пщащэ ц1ык1у къыфхэхъуамэ», нэгъуэщ1хэри.

Мы иужьрей лэжьыгъэр игъэхьэзыращ ебланэ классым щеджэ Унащ1э Лаурэ. Лэжьыгъэр ф1ы дыдэ хъуащ, еджак1уэхэми гъэщ1эгъуэн къащыхъуащ. Апхуэдизу куэдым и гугъу щищ1ырт хъыджэбз ц1ык1ум

пасэм сабий п1ыным гулъытэшхуэ адыгэхэм зэрыхуащ1у щытам теухуауи, кърихьэл1а псори, сабийхэри балигъхэри яф1эгъэщ1эгъуэну едэ1уащ. Хъыджэбз ц1ык1ур узыншэу, 1эпкълъэпкъ дахэ и1эу къэхъун папщ1э, пасэрей адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта 1эмалхэр дигу къигъэк1ыжащ еджак1уэм, сабий зып1ыну къызыпэщылъхэми къахуэщхьэпэн куэд къащ1ащ.

Шэч хэмылъу, проект лэжьыгъэм дихьэха еджак1уэхэм есэныгъэф1хэр я1э хъуащ;

1. Сабийр къалэн зыхуигъэувыжыфу йосэ.

2. Езым и гупсысэк1э, и 1уэху еплъык1э и1эжу, ар ихъумэжыфу йосэ.

3. Библиотекэм щ1элъ тхылъхэм зыхуейр къыхихыфу, къигъэсэбэпыфу йосэ.

4. И гупсысэм зеужь, и къэухьым хохъуэ.

5. Апхуэдиз зэджэн хуей хъум и бзэм зрегъэужь.

6. И анэдэлъхубзэр нэхъыф1у илъагъу мэхъу.

7. Утыкум къихьэу йосэ, ек1уу, дахэу, къеда1уэр дригъэхьэхыфу псалъэу йосэ.

8. Нэхъыф1у, щыуагъэншэу тхэуэ йосэ.

9. Къызыхэк1а лъэпкъым и тхыдэм нэхъыф1у щыгъуазэ хуохъу.

10. Еджэным хуи1э бгъэдыхбэк1эр нэхъыф1 мэхъу, йоф1акуэ.

11. Нэхъыщхьэ классхэм щеджэ сабийхэр нэхъыщ1эхэм дэ1эпыкъуфу йосэхэр.

12. Компьютерхэм 1эзэу ирилажьэу йосэхэр.

Къык1элъык1уэ гъэ еджэгъуэхэми дигугъэщ мы унэт1ыныгъэмк1э лэжьыгъэр нэхъри едгъэф1эк1уэну, илъэс къэс проект лэжьыгъэхэм хэтшэ сабий бжыгъэр нэхъыбэ тщ1ыну, нэхъ убгъуауэ ди дерсхэм, классщ1ыб лэжьыгъэхэм къыщыдгъэсэбэпыну.

Шэч хэмылъу, проект лэжьыгъэхэр зыщ1ыфу еса еджак1уэхэм ягъуэта щ1эныгъэр, есэныгъэхэр къахуэсэбэпынущ еджап1э нэхъыщхьэхэм щ1эт1ысхьэми, къапэщылъ балигъ гъащ1эми.